ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№198 (23.356) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущіапіэм и унафэщі Бортников А. В. Пятигорск щригъэкіуэкіащ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и зэіущіэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ Кіуэкіуэ Ю. А.

Дыгъуасэ Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущіапіэм и унафэщі Бортников Александр Пятигорск щригъэкіуэкіащ Террорым пэщіэтынымкіэ лъэпкъ комитетым и зэіущіэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ Кіуэкіуэ Юрий. Зэіущіэм щыхэплъащ Кавказ Ищхьэрэм и щынальэм терроризмэм щыпэщіэтыным, щынальэхэм властымкіэ я органхэм террорым пэщіэтынымкіэ я комиссэхэм я лэжьыгъэр зэщіэгъэуіуэным.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым хэтхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев Олег, округым и субъектхэм я Іэтащхьэхэр, гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я унафэщІхэр, хабзэхъумэ органхэмрэ хабзэр хъумэным пыщІа къулыкъущІапІэ хэхахэмрэ я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыщыпсалъэм Бортников Александр къыхигъэщхьэхукІащ ди щынальэм щыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьыгъэм дызэрыт илъэсми зэрыпащар. Мы гъэм щыщу блэкІа зэманым кІриубыдэу Кавказ Ищхьэрэм террористхэм я щІэпхъаджагъэу зы къыщыщэпаудащ, боевик 49-рэ, абыхэм я дзэпыкъуэгъуу 328-рэ щаубыдащ, щІэпхъаджащІэу 95-рэ, абыхэм гуп щхьэхуэхэм я Іэтащхьэу 15, Къэбэрдей-Балъкъэрыимрэ Дагъыстэнымрэ щыІэ щэхурылажьэ бандэхэм я пашэ нэхъ цІэрыІуэхэр яхэту, нуклаІ.

Гъэзэщіакіуэ властым и федеральнэ органэмрэ террорым пэщіэтынымкіэ комиссэхэмрэ щІагъэхуэабжьэ бзаджащІэ гупхэм я дзэпыкъуэгъуэхэр гъэмэщІэным, аэр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщ Іэмалхэр къызэпыудыным яхуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр.

Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и унафэщІым хэхаяэ кІигъэлъэгуащ граждан жылагъуэ Іэуэхущапіэхэм я жыджэрагъыр къэІэтын, терроризмэм и пропагандэр Интернетым къыщыдэлъыдын икІи щІалэгъуалэр террорист Іэуэхухэм ящыхъумэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ муниципальнэ щынальэхэм терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным пыщІа Іэуэхухэм.

А псоми япкъ иткІэ террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іэуэхухэр яубзыхуащ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и пресс-Іуэхущапіэм къитахэм япкъ иткІэ.

КЪУДЕЙ Арсен: Налшык и аэропортыр ирагъэфІакІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист-рекреацэ комплексыр зэпымыууэ зэрефІакІуэм къыхэкІыу транспортым и лэжьыгъэми зегъэужьын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэмрэ зэкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей Арсен.

«ТРАНСПОРТЫМ и Іэнатіэм зегъэужьыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну ахъшэр УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм зэриГъэмэщІам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэм ящыхуащ Налшык и аэропортыр ирагъэфІэкІуэн папщІэ уней мыльку къагъэсэбэпыну.

Иджыпсту аэропортым хиубыдэу яуху терминалым псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мини 10,5-рэ къикІыу щытынущ икІи абы ильэс къэс пассажир мин 500 щыізэблэкІынущ. Ухуэнгъэм текІуэдэнущ сом мелуан 900-м щІигъу. Апхуэдэ проектышхуэр пхыгъэкІыным пыщІаІуэ документ куэд, абыхэм мылькур зыІэщІэлъыр уфэхуныр, кадастр паспортхэр тхыныр хиубыдэу, гъэхьэзырын хуейщ. Нобэм ирихьэлІэу а псори зэфІагъэкІащ.

Ауэ Налшык аэропортым кхъухьлъатэхэр щылъатэ икІи къыщетІысэх и губгъуэри ирагъэфІэкІуэн, абы и техническэ зэфІэкІым хагъэхъуэн хуейщ. Урысейм Транспортымрэ связымкІэ и министерствэм зыхуеину документ псори зэриГъэпэщащ «Урысейм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр (2010-2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу а губгъуэр зэгъэпэщыжьным икІи абы текІуэдэну ахъшэр 2018 гъэм щегъэжьаяу федеральнэ бюджетым къыхэгъэкІыным ехьэлІауэ. Пэжыгъэхэр яуха нэужь Налшык къалэм и аэропортым сыт хуэдэ кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэхэри къыщыІтысысфынущ. Апхуэдэу нэхъыбэ хъунущ къэрал кІуэцІми къэрал щІыбми щызекІуэ кхъухьлъатэхэм я бжыгъэр. Псори зэхэту къагъэсэбэпыну ахъшэр сом меларди 3-м ноблагъэ», - жиІащ Къудей Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм мэзыкъуэ къыщаукІыну хуит зэрамыщІымкІэ хабзэ пІалъэкІэ гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Псэущхьэхэм я Іуэхукіэ» 1995 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къащта Федеральнэ закон №52-ФЗ-м и 6-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и етхуанэ абзацым, «ЩэкІуэныимрэ зэщакІуэ псэущхьэхэр хъумэнымрэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ закон №209-ФЗ-м и 22-нэ статьям и Іыхьэ 1-м япкъ иткІэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектхэу кхъуэм и африкэ емынэ узыр здэщыІэхэм, апхуэдэ щІынальэхэм япэгъунэгъу адрей субъектхэм я къулыкъущІэ нэхъыщхьэхэм (Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщІакІуэ орган нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм) кхъуэм и африкэ емынэ узыр кхъмыхьеиным хуэгъэзауэ ирата чэнджэщхэу Урысей Федерацэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым и тхыгъэ №0001/12-мкІэ 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м кьищтам япкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

Псэууэ къызэраубыдым, щакІуэ хозяйствэм и Іэнатіэм пыщІа юридическэ Іуэхущапіэхэм штаткІэ щылажьэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ метритІ нэхърэ мынэхъ мащІэ зи льагагъ шордакъэм тету къызэраукІым нэмыщІ, 2016 гъэм щакІуэгъуэм и 1-м нэсыху мэзыхъуэхэр щакІуэхэм къаукІыну хуит зэрамыщІ хабзэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№114-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 3-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім къуэдзэу тху, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэр тІур, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр яхэту, иІэу гъэувын.».

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м
№119/1-УГ

Шы зыгъэхъу хозяйствэхэм адыгэшыбзэр зехьэным трагъэкІуадэм щыщ Іыхьэ хуапшыныжьын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэм щыщ субсидиехэр зэрыхухах Хабзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м
Налшык къалэ №179-ПП

2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымрэ мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр уБзыхуными» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №154-ПП-мкІэ къищтам, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм шы гъэхъунымрэ шы спортымрэ зыщегъэужьынымрэ» 2016-2020 гъэхэм ятещІыхьа и программэ къуэдзэр гъэзэщІэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Шы зыгъэхъу хозяйствэхэм адыгэшыбзэр зехьэным трагъэкІуадэм щыщ Іыхьэ хуапшыныжьын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэм щыщ субсидиехэр зэрыхухах Хабзэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Узыншагъэ

Йод зыхэлъ шыгъур сэбэпщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ йодыр Іэпкъльэпкъым зэрыхуримыкъум къыхэкІ узыфэхэм пэщІэтынымкІэ «Соль + йод IQ сбережет» урысейпсо акцэм и щыналъэ Іыхьэр.

ІУЭХУ щхьэпэм хыхьэу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Эндокринологие центрым и ІэщіагъэлІхэр щыху 1578-м еплъащ. Абыхэм ящыщу 31-м йодыр Іэпкъльэпкъым зэрыхуримыкъум къыхэкІа узыфэхэр яІэу гурыщхьуэ зэрыхуащІам щхьэкІэ я узыншагъэр къапщытэну дохутырхэм я деж ягъэкІуащ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Эндокринологие щІэныгъэ центрым зи щІэныгъэм щ ы х э з ы г ъ э х ъ у а , КъБКъУ-м и медицинэ колледжым щеджэ студент-волонтёрхэм йодым и щхьэпагъым теухуа хъыбарегъащІэ тхыльымпІэхэр ягуэшащ, еджапІэхэм лекцэ къыщедджащ. Абыхэм класс нэхъыжьхэм щеджэкъэмрэ студентхэмрэ гурагъэІуащ йод зыхэлъ шыгъур я шхыныгуэмя къыщагъэсэбэпыным и мыхьэнэр: щхьэ куцым узыфэ еуэлІэныр, психикэ зыужьыныгъэр къэувыІэныр нэхъыбэрэ къызыхэкІыу къалъытэр Іэпкъльэпкъым йодыр зэрыхуримыкъурщ. Урысейм и щыхухэм махуэм ику иту къаІэрыхьэр йоду мкг 40-80-щ, ар Іэпкъльэпкъыр зыхуэныкъуэм нэхъри щыкІэ нэхъ мащІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хохьэ зи Іэпкъльэпкъым йодыр хуримыкъу цыху нэхъыбэ щыпсэууэ къахута щыналъэ 30-м.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● Тхылъыщіэ

Адыгэ таурыхъхэр

«Кабардинские народные сказки» тхылъыр иджыблагъэ урысыбзэкІэ къыщыдэкІащ «Грозненский рабочий» типографием.

ЗИ ТЕПЛЪЭКІЭ удэзыхьэх, дахэу гъэщІэрэщІа, зи бжыгъэр экземпляр 1000 хъуэу дунейм къытехьа тхылъыр яхуэгъэзащ курыт еджапІэм и пэщІэдзэ классхэм щІэсхэм.

КъыдэкІыгъуэм ихуащ гуапагъэм, Іущыгъэм, зауагъэм ныбжьыщІэхэр хуэзыгъэуш, щыхубэм куэд щІауэ фІыуэ яльагъуу къадекІуэкІ адыгэ таурыхъхэр. Апхуэдэхэщ «Щыкъумцийи», «Хэт нэхъ ин?», «Къарэбатыр», «Мыщэ и къуэ Батыр», «Инынжьым и къан», «Къуийцыкіуэ шей шейІанымрэ», «Заур», «Пкіауэ», «Тембот къыщыщІахэр», «Бажэ фІыцІэ», «Чэнджэщиц» таурыхъхэр, нэгъуэщІхэри. Тхылъым ихуа таурыхъхэм хэт лІыхъужьхэмрэ псэущхьэхэмрэ я сурэтхэр художникым апхуэдизкІэ екІуу, удихьэхыу къехьуІащи, щыкІуэр абыхэм зэрыдахьэжьым щэн къытетхьэрэкъым. ІэрыІуатэм сыт щыгъуи фІыр Іейм зэрыщытекІуэм хуэдэу, мы щыпсэхэми ныбжьыщІэхэр хуагъэсэнущ пэжымрэ пцІымрэ зэхагъэкІыфу, къэхъугъэхэм дерс къыхахыфу.

Иныжьымрэ Шыкъумцийрэ я сурэтхэр зи тебзэм тет мы тхылъымкІэ саугъэт папщІэу узыхуэупсэну дэтхэнэ зы сабийри абы щымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Налшык и «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм игъэхьэзыра мы къыдэкІыгъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ адыгэ щыхубэ таурыхъхэм щІэблэр щыгъуэзыу къэгъэхъуныкІэ, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуэ щыщІэр.

кІуэ Іуэрыіуатэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъума хъунымкІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

ЩІыпІэ куэдым ирагъашэ

Прохладнэм и «Велес-Агро» компаниемкІэ къыщыізэІуахащ лы хьэжа зыдэлъ псыхьэлывэ щащІыну цех.

ЛЪЭ БЫДЭКІЭ ува Іуэхущапіэм къыщІегъакІ былымылым къыхэщІыкІа нэкулъ лІэужьыгъуэхэр, шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзыр Іэмал нэхъыфІхэр къагъэсэбэпу ящІа джэдыпхэкІхэр, нэгъуэщІхэри.

«ЩІыналъэ куэдым идогъашэ мы шхыныгъэхэр. Ахэр Іэфіш, къабзэщ, химиекІэ мыкудауэ. Джэдкъаэри былымри дэ езым зэрыдгъэхъум Іэмал къыдет лыр зыхуэдэнум ди нэІэ тедгъэтыну»,- жеІэ компанием сатумкІэ и къудамэм и унафэщІ Гъут Таисэ. Іуэхущапіэм апхуэдэу езым и щы кІапи иІэжщ. Абы щыхасэ фермэм гъэ псом хуримкъуну Іусыпхъэр къызыхах гъавэр.

Компанием къызэІуиха цехыщІэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщам лэжьакІуэхэм я къалэнр куэдкІэ къащигъэпсынщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЭ

● **Къупщхьэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

● **Испаньбзэм и махуэщ**

● **УФ-м и МВД-м и медицинэ Іуэхущапіэхэм я махуэщ.** 1921 гъэм РСФСР-м и НКВД-м и управленэ нэхъыщхьэм унафэ къыдигъэкІащ милицэм кулыкъу щызыщІэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэутын Іуэхущапіэхэр къызэІуухыным теухуауэ.

● **1492 гъэм** Колумб Христофор Сан-Сальвадор хьІТІыгур къигъэтащ. Араш Америкэр зэрыщыІэр къыщищІа махуэу къалъытэри.

● **1775 гъэм** США-м и дзэтенджвыз флотыр къызэрагъэпэщащ.

● **1822 гъэм** Бразилием щхьэхуитныгъэ игъэутащ - ар Португалием къыхэкІащ.

● **1897 гъэм** Урысейм щыяпэу футбол зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ.

● **1901 гъэм** Рузвельт Теодор США-м и президентым и хэщІапІэм Унэ хужь фІищащ.

● **1944 гъэм** Алыджым и къалащхьэ Афины нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

● **1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэІуахащ. Абы и япэ ректору ягъэуват Бэрбэч ХьэтІутІэ. Иджы абы и цІэр а еджапІэ нэхъыщхьэм зэрехьэ.

● **1968 гъэм** Мехикэ къыщызэІуахащ XIX Олимп джэгуэхр. Зэпеуэхэр жэпуэгъуэм и 12 – 27-хэм екІуэкІащ.

● **1999 гъэм** Боснием рэ Герцеговинэмрэ я къалащхьэ Сараевэ дунейм къыщытехьа щІалэ щІыкІум щІым цІыхуу щыпсэуэм я бжыгъэр мелардих иригъэкъуэуэ щытащ. Араш Америкэр зэрыщыІэр къыщищІа махуэу къалъытэри.

● **1775 гъэм** США-м и дзэтенджвыз флотыр къызэрагъэпэщащ.

● **1822 гъэм** Бразилием щхьэхуитныгъэ игъэутащ - ар Португалием къыхэкІащ.

● **1897 гъэм** Урысейм щыяпэу футбол зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ.

● **1901 гъэм** Рузвельт Теодор США-м и президентым и хэщІапІэм Унэ хужь фІищащ.

● **1944 гъэм** Алыджым и къалащхьэ Афины нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

● **1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэІуахащ. Абы и япэ ректору ягъэуват Бэрбэч ХьэтІутІэ. Иджы абы и цІэр а еджапІэ нэхъыщхьэм зэрехьэ.

● **1968 гъэм** Мехикэ къыщызэІуахащ XIX Олимп джэгуэхр. Зэпеуэхэр жэпуэгъуэм и 12 – 27-хэм екІуэкІащ.

● **1999 гъэм** Боснием рэ Герцеговинэмрэ я къалащхьэ Сараевэ дунейм къыщытехьа щІалэ щІыкІум щІым цІыхуу щыпсэуэм я бжыгъэр мелардих иригъэкъуэуэ щытащ. Араш Америкэр зэрыщыІэр къыщищІа махуэу къалъытэри.

● **Дунейм и щытыкІэнур** «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ГушыІэкІэ зымыщІэр Іэштымкіэ мауэ.

Коррупцэм пыщIа хабзэншагъэхэмрэ адрей хабзэншагъэхэмрэ къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщIэзгъэпэщыным пыщIа языныкъуэ Iуэхухэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Коррупцэм пэщIэтыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIагъэкIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Коррупцэм пэщIэтыныжкIэ Урысей Федерацэм и законодательствэр зэрагъэзащIэм теухуауэ къэпщытэныгъэхэр зыхуэгъэзауэ щытыпхъэ цIыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм пыщIа хабзэншагъэхэмрэ адрей хабзэншагъэхэмрэ къыщымыгъэхъуныжкIэ и органыр зыкIи яIэщIэмыльэныжкIэ шэсыпIэхэр къызэгъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным ехьэлIа IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр и къулыкъум егъэув икIи трегъэкI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и ГъэззащакIуэ органэм я унафэщIхэм яхуэгъэувын коррупцэм ехьэлIа хабзэншагъэхэмрэ адрей хабзэншагъэхэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ профилактикэ Iуэхухэр езыгъэкIуэкI IэнатIэхэм (коррупцэм ехьэлIа хабзэншагъэхэмрэ адрей хабзэншагъэхэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыгъэр зыщIагъэгъэпэщыну зи пщэ илъ къулыкъущIэхэм) я лэжьыгъэр зыхуэдэр я нэIэм щIагъэтыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм увыну хущIэкъуу цIыкIухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъэхэмрэ езыхэм я хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум ехьэлIауэ къаладэхэм ятеухуа хъыбархэр къызэратым теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм увыну хущIэкъу цIыкIухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъэхэмрэ езыхэм я хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум ехьэлIауэ къащта къаладэхэм ятеухуа хъыбархэр къызэратым и IэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм шыщхьэуIум и 26-м къыдигъэкIа Указ №128-УП-мкIэ кьищтам, и пункт 10-м зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъ цIыкIухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и IэнатIэ щхьэхуэхэр зыныгъэхэмрэ зыпэрыт IэнатIэм хуэгъэзауэ я щытыкIэн хуейм кIэлъыплъ, къулыкъум пыщIауэ къэхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэзыгъэкI комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №109-УГ-мкIэ къызэригъэпэщам» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэзыгъэIу комиссэм» жиIэу.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм увыну хущIэкъухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъ цIыкIухэмрэ къат хъыбархэр тэмэму икIи ирикъуу зэрыщытым кIэлъыплъныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъ цIыкIухэр хуагъэув мардэхэм зэритыр къэпщытэныжкIэ Iуэхухэм хэлъхьэн.

пункт 17-м и «д» пункт къуэдзэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъэхэм къулыкъум и лъэныкъуэкIэ хуагъэув мардэхэм зэритетым кIэлъыплъныжкIэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ къыщIэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэзыгъэIу комиссэм» жиIэу;

пункт 20-м и «г» пункт къуэдзэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэ щхьэхуэхэм пэрытхэмрэ къулыкъукIэ къабгъэдэхуэ мардэхэм зэрытетым кIэлъыплъныжкIэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэзыгъэIу комиссэм» жиIэу.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр къыхуагъэув мардэхэм зэритым кIэлъыплъныжкIэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэр къыхуагъэув мардэхэм зэритым кIэлъыплъныжкIэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэхэм я Iэужкъуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм шыщхьэуIум и 27-м къыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ кьищтам, и пункт 5-м зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъ цIыкIухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и IэнатIэ щхьэхуэхэр зыныгъэхэмрэ зыпэрыт IэнатIэм хуэгъэзауэ я щытыкIэн хуейм кIэлъыплъ, къулыкъум пыщIауэ къэхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэзыгъэкI комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къызэригъэпэщым» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэзыгъэIу комиссэм» жиIэу.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ я IуэхухэмкIэ и управленэм теухуа Положенэр къэщтэным и Iуэхухэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадзэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №132-УГ-мкIэ къищтам, и пункт 4-м зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэн икIи абы и 23-нэ абзацым къыкIэлъыкIуэу дэщIыгъуэкIын:

«Урысей Федерацэм и законодательствэм къыщыгъэувахэм япкъ иткIэ хэхъуэхэм, хэщIэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къаладэхэм ятеухуа хъыбархэр щыIэ хабзэхэм тету къеIыхыныжмрэ хъумэнымрэ;».

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм и Iэужкъуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадзэм и 30-м кьищтам, зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэгъэхьэн Куржонов Ж.А. - Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр (зэгурыIуауэ).

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным пыщIа IуэхухэмкIэ и управленэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным пыщIа IуэхухэмкIэ и управленэм теухуа Положенэр къэщтэным хуэгъэзауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадзэм и 30-м кьищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

пункт 17-м и «д» пункт къуэдзэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыныгъэхэм къулыкъум и лъэныкъуэкIэ хуагъэув мардэхэм зэрытетым кIэлъыплъныжкIэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэр зэблэгъэкIныжкIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ къыщIэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныжкIэ лэжьыгъэхэр зэзыгъэIу комиссэм» жиIэу.

9. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№113-УГ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и апэ къуэдзэ Дадэ МуIзед республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, абы и къуэдзэхэр, департаментхэмрэ къудамэхэмрэ я унафэщIхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэр зытеухуауэ щытар КIуэкIуэ Юрий Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува къалэнхэмрэ дыззрыт илъэсым и гъатхэпэ мазэм IэнатIэхэм щекIуэкIа зэIущIэхэм япкъ иткIэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым игъэува протокольнэ пщэрылъхэмрэ гъэззэщIа зэрыхьурщ.

ЗэIУЩIэМ къыщыхагъэщхьэхукIащ абыхэм япкъ иткIэ министерствэм гулъытэ хэха зыхуищIхэм ящыщу цIыку гуп щхьэхуэхэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэныр, псэупIэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжьным хуэгъэзауэ къыхах взносхэм я лъэныкъуэкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ къызэрагъэпэщыныр, лэжьапIэнщхьэхэм я бжыгъэм хэмыгъэхъуэныр, нэгъуэщIэри.

Хабзэ хъуауэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, абыхэм ящыщу дунейм ехыжахэм я щхьэгъусэхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ республикэм гъэ къэс щрагъэкIуэкI щэбэт щIыхьэхуэхэм къыщалэжьа ахъшэм кьыдэхуэм щыщ хухах ветеран щхьэхуэхэм я псэупIэхэр зэгъэпэщыжьным. Къэбгъэльагъуэмэ, мы гъэм апхуэдэ ахъшэу сом мелуани 2-м нэблагъэ ветеран 17-м трагуэшащ, мы зэманым иджыри ветеранхэм къабгъэдэкIа лъэIуу 3-м хоплъэ.

Министерствэм и Iэужкъ щапIалэхэм иджыпсту зэхуахьэс унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжьным трагъэкIуэдэн папщIэ кьыхах взносхэм я лъэныкъуэкIэ зи ныбжьыр илъэс 70, 80 ирикъуахэм, апхуэдэу ятеухуа гупхэм хиубыда ныкъуэдыкъыгъэ зиIэ цIыхухэм зэрыхудачыхыну документхэр. Мыбдеж къыщыгъэльагъуапхъэщ льготэ зиIэхэм ядэIэпыкъун папщIэ абыхэм взносхэм я лъэныкъуэкIэ ятелъ щIыхуэхэр нэгъэсауэ япшынысжын зэрыхуейр. Зи гугъу тщIы дэIэпыкъуныгъэр тынымкIэ унафэр дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ мэлажьэ икIи дэIэпыкъуныгъэхэри а мазэм къыщыщIэдзауэ къабжьнуц. Ауэ зи гугъу тщIы цIыху гупхэм аргуэру щIыхуэ зытрагъахуэу хуежьэмэ, дэIэпыкъуныгъэр къызэтрагъэувыIэнущ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Нэхъ хуэмыщIахэр сыт щыгъуи гулъытэ хуэныкъуэщ

Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди республикэр и социальнэ и унафэщIыр и субъект нэхъыбфIу 10-м хеубыдэ. Мы зэманым ныкъуэдыкъуагъэ зиIэхэм ящыщу лэжьэну хуиту КъБР-м цIыху мини 8-м щIигъу исщи, абыхэм ящыщу процент 80-м хуэдизыр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщащ. УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэувам тету республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центр псоми унафэ ткIий щыIэщ ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ къулыкъущIэ пыухыкIахэм жэуап зэрахьым теухуауэ. А лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI Медико-социальнэ экспертизэмкIэ бюром зэхилъхьэ программэхэм тету.

Министерствэм и лэжьакIуэхэм зэIущIэм отчётхэр щащIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым къигъэува язныкъуэ пщэрылъхэр гъэззэщIа зэрыхьум, апхуэдэу социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр дзэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэр бжьыхьэ-щыламахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырам теухуауэ. ЗэIущIэм и кIэухым Правительствэм и Унафэщым и япэ хуэдизэм къызэхуэсахэр къыхуриджащ педагогхэм я лэжьапщIэм хэгъэхъуэным пыщIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым гулъытэ хэха хуащIыну.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Министерствэхэм

Жылагъуэхэм траухуэ

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и хъыбарегъащIэ-аналитикэ департаментым щыхагъэгъуазэ, чэнджэщхэр щапт и пунктым и лэжьыгъэр еублэж.

ЖЭПУЭГЪУЭ-дыгъэгъазэ мазэхэм кьрибудэу республикэм и муниципальнэ щыналъэпIеплIым я къуэжиблым Iэщ1агъэлIэр кIуэнущ. Апхуэдэщ Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхьэлэ, Дальнэ, Псынщокъуэ, Арщыдан, Сэрмакъ, ЯтIэкъуэ жылагъуэхэр.

ЕтIанэгъэ и гъатхэ мазэхэм министерствэм и Iэщ1агъэлIэр муниципальнэ щыналъэхым я къуажибгъум щылэжьнущ. Абы теухуа хъыбарыр нэхъ пасэу кьыгъарадзэнущ.

Фигу кьыдогъэкIыж: министерствэм щыхагъэгъазэ, чэнджэщхэр щат и пунктым и лэжьыгъэр хуэунэтIащ псоми ятеухуа хабзэхэм цIыкIухэр нэхъыфIу хэгъэгъуэзэным, я Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным, я щытыкIэм кIэлъыплъыным, зыщIэупщIэхэр псынщIэу яхуэзэфIэхыным.

КЪАНИТАТ Динэ.

● Экстремизмэм пэщIэтын

«Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Кавказ»

Жэпуэгъуэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Шишкин Андрей Пятигорск къалэм къыщызэригъэпэщащ Урыс Православнэ Члисэм и лIыкIуэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэм и щыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэхэм я редакторхэмрэ я зэIущIэ. А зэхъыкIэ «Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Кавказ» медиафорумым хиубыдэу ирагъэкIуэкIащ икIи информацэм ехьэлIа экстремизмэм пэщIэтыныжкIэ лэжьыпхъэхэм траухуащ.

ЗэIУЩIэМ кьрихьэлIащ Москва Патриархатым и Синодальнэ къудамэм жылагъуэмрэ щыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ ядэлэжьныжкIэ и унафэщI Легойдэ Владимир, Пятигорск, Черкесск щыналъэхэм я архиепископ Феофилакт, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я ассоциацэм и тхьэмадэ Баканов Вадим, округым и щыналъэхэм информацэмкIэ жэуап щызыхь министерствэхэмрэ комитетхэмрэ я унафэщIхэр, телекомпаниехэм, печатым и Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр.

Полномочнэ лIыкIуэм и къуэдзэ Шишкин Андрей, архиепископ Феофилакт, Кавказ Ищхьэрэм и щыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я ассоциацэм и тхьэмадэ Баканов Вадим сымэ къадэкIуэу, къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ «Къэрэшей-Шэрджэс» хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Лахов Руслан, Шэшэн Республикэм лъэпкъ политикэмкIэ, печатымрэ информацэмкIэ и министр Умаров Джамбулат, Дагъыстэн Республикэм печатымрэ информацэмкIэ и министр Токбулатовэ Бурлият, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Шахмурзаев Заурбэч сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм и кIэухым хэлъущIыIу ящащ телефильм, телепрограммэ нэхъыфIхэр къыхэхыным теухуауэ ирагъэкIуэкIа «Кавказ. Православием и дуней» фестиваль зэIуэкм кьрикIуахэр. Номинацэ зэмылIэужьыгъуэхэм хиубыдэу абы щытекIуэкъэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием и режиссер Хъэщхъуэжь Людмилэрэ «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием и редактор Коломийцев Владиславрэ.

КРАПИВИНЭ Викторие.

Я дзыхь цIыхубэ Iуэхухэм хуэныдджэрхэм ирагъэз

● Бахъсэн щIыналъэ

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и социально-экономикэ щэнхабзэ зыужьыныгъэр къуажэ 13-м щIыпIэ самоуправленэмкIэ я Iуэхущ1апIэхэм хъарзынэу къызэрагъэпэщ. Иджыблагъэ абыхэм депутати 173-рэ щыхахащ. ХэхакIуэхэм Iэ хуаIэтащ гъащIэмрэ псэуныгъэмрэ пыщIа къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэхыныжкIэ щIыпIэ администрацэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуфыну я къуажэгъуэхэм ящыщу цIыхубэ Iуэхухэм хуэныдджэрхэм.

ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Андзор зэрыжиIамкIэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэм я унафэщIхэр хахащ. Кременчуг-Константиновскэ къуажэм къищынэмыщIа, адрей жылагъуэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр я къулыкъум къытенэжащ. Муниципалитетым и унафэщI Сыжажэ Хьэсэн зэIущIэ псоми хэтащ, сыту жыпIэмэ, советым и лэжьыгъэр зыхуэдэнур ар зыунэтIым куэдкIэ елъытащ.

Къапщтэмэ, районым и нэхъ жылэщхуэм - Исльэмей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэ Аслъэнбэч и кандидатурэр щIэрыщIэу къэзыгъэлъэгъуа депутатхэр диIыгъуу, Сыжажэ Хьэсэн къыхигъэщащ абы жэуаплиныгъэшхуэ зэрыхэлъыр, зэрызыхуэтKIиижыр, нэхъ Iэуху гугъуэхэми хэкIыпIэ кьаззэрыхуигъэтыдыр. ЗэдзаРэзэныуэ Ахъыр и къулыкъум къытранэжащ, и къуэдзэу Щоджэн Хьэсэн хахащ. Къарагъэза дзыхьым папщIэ, депутатхэмрэ районым и унафэщIхэмрэ фIыщIэ яхуищIри, абы къигъэлъэгъуащ къапэщIт къалэнхэр гъэззэщIэным, щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным я къарур зэрырахьэлIэнур.

- Ди советым и депутатхэм сахуэарэзыщ. ЩIыху 15 мэхъу, псоми Iуэхум фIыуэ хащIыкIри, къуажэм и зэIуэзэпщIныгъэм, демократиемрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ зегъэужьным зэуIуу дыхуэлэжьэнущ, - къыхигъэщащ Ахъым.

Депутат, фермер, лэжьыгъэм и ветеран Улымбащ Хьэбас къигъэлъэгъуащ щIыхуэм я псэукIэр къалэтын папщIэ, щIыпIэ властым сыткIи зыщIигъэхуэуну зэрыхьэзырыр. Ветеранхэм я пэщIэдзэ организацэм и тхьэмадэ ЛампIэжь Владимири зэIущIэм и унафэр диIыгъащ.

- Хабзэшхуэ зыдэлъ ди жылэм и тхыдэр гуащIэдэкI ехьулIэныгъэ инхэмкIэ къулейщ. Ахэр дяпэкIи зэрыдгъэбзэгъэунур си фIещ мэхъу. Абы папщIэ, иджыблагъэ хэтха депутатхэр гъащIэм къигъэув къалэныщIэхэм хуэхьэзыру щытын хуейщ, - жиIащ �лампIэжьым.

Сыжажэ Хьэсэн депутатхэм, жылагъуэ лэжьыгъэм хэтхэм, къуажэдэс псоми ехьэхъуэщ узынщагъэ, зэIуэзэпщIныгъэ, гуфIэгъуэ яIэну, гушхуэныгъэ яхэлъу фIым хуэпльэну, я мурадхэм лъэIэсыну.

- ХэкIыпIэшхуэхэр фIещ. Ахэр къызэрывгъэсэбэпыну щIыкIэм фегупсыс. ЛэжьэкIа фощIэ, гуГуеХьэхэм фыщIышынэркъыми, лъэпощхьэпохэр къызэрызэнэкIынум шэч кьытесхьэркъым,- дыщIигъуащ щIыналъэ унафэщIым.

ЩIыпIэ самоуправленэм и советым щыщхэр абы къыхуриджащ курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ къадэкIуэу, унагъуэхэми зыщIагъэкъуэну, бынхэр гъэсэныжкIэ жэуапышхуэ зэрахьыр адэ-анэхэм зэпымыууэ я гу къагъэкIыжыну. Сыжажэ Хьэсэн къыщIэрилъытэмкIэ, еджакIуэ зэчиифIэхэр дэIыгъыным, сабийхэр ерыскъы пщтыркIэ къызэгъэпэщыным гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ. Абы папщIэ, школхэмрэ гъэсапIэхэмрэ щIэх-щIэхыурэ яхуеблэгъэн, щытыкIэр зрагъэщIэн хуейщ.

И псалъэм и кIэухыу Сыжажэ Хьэсэн къыхигъэщащ щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и нэIэ тету, щIыналъэ администрацэр я щIэгъэкъуэну Ислъамей къуажэм и щIыху гуащIафIэхэр нобэрей гугъуехьэм зэрапэлъащынр икIи лъэныкъуэ псомкIи нэрылъагъуу зэрызаужьынур и фIэщ зэрыхъур.

НЫР Iэуес.

ЛIыхъужьыр ящыгъупщэркъым

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь лъыгъуэзащ 2013 гъэм Iэщэкlэ зэщIэуэзда бзаджащIэхэм яуклIа, полицэм и подполковник Букин Анатолий и унагъуэм.

ПСАЛЪЭ гуапэкIэ Iыхьлыхэм ягу къагъэкIужащ Толэ, апхуэдэут къызэреджэр абы и пэжыгъэхуэмрэ и ныбжьыгъэхуэмрэ. Ар ныбжьыгъу пэжт, зи Iэщ1агъэм хуэIэижь цIыху нэст. Гугъуехьым щышынэртэкъым, сыт щыгъуи къыщыхутэрт Iуэхур щынэхъ гугъум - нэхъыщхьэраци, и лэжьыгъэм ар дзыхь зрагъэз я ныбжьегъут.

И къалэныр щигъэзащIэм кьигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкlэ ЛIыгъэм и орденыр Букин Анатолий къыхуагъэфэщащ.

Букин Анатолий Юрий и къуэр къыщыхъащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я гъэзэум. Абы и анэ Еленэ республикэ МВД-м илъэс 30-м щIигъукIэ щылэжьащ.

Анатолий и щхьэгъусэ Юлие жиIащ я щIалэ цIыкIу Данилэ абыхэм я гъэзум пищэну зэрыщIэхъуэпсыр, кIэдет школым щIэтIысхьэу полицей хъуну зэрыхуейр.

Ромашкин Игорь унагъуэм и къэрал зыщIигъэгъэзащ, министерствэр сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр яжриIащ, сабийхэр гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ пыщIа Iуэхухэри хыхьэу. Езыри Iэнэщ1у яхуэкIуатэкъыми, сабийхэр зыщIигуфIыкIын хьэпшыпхэмкIэ яхуэупсащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.



«Нэпс здэщымыІэ дуней»

● Псапэ

«ВТБ» банкым ирегъэкІуэкІ псапащІэ Іуэхум хэту Налшык къалэм дэт Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым тыгъэ хуащІащ сом мелуанрэ ныкъуэрэ зи уасэ УЗИ-диагностикэ Іэмэпсымэр.

РЕСПУБЛИКЭ клиникэ сымаджэщым илъэс къэс я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ ди щІыналъэм и сабий мин 15-м нэблагъэм. Іуэхущ Іапіэр къызэрызэрагъэпэщ и реанимацэ къудамэхэр мэлажьэ. 2003 гъэм щ ыщІщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и стационар псоми Іуэхутхъэбзэкэр яхуэзыщІэ педиатр, неонаталь-нэ Іэнатіэхэм я реанимацэ-консультацэ гупхэр щы-Іэщ.

Іуэхущ Іапіэр зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, щІэныгъэ лъагэ зиІэ кадрхэмкІэ ирикъуу къызэгъэпэщам, зэблэкІыгъуитІу е щыуэ лэжьэну къызыхуихуэ нейрохирургхэм яІэ УЗИ-диагностикэ аппаратитІыр къаймэщІэкІырт, сыту жыпІэмэ, зы махуэм хуэзэу сабий 20 - 25-м я узыншагъэр къапщытэн хуей хъурт. Къбгъэльагъуэмэ, а аппаратитІым щыщу иджырей мардэм тету лажьэр 2011 гъэм къаІэрыхьащ.

Сабий сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Гущал Людмилэрэ** нейрохирург **Молэ Іэниуаррэ** къызэрыджаІамкІэ, тыгъэ къыхуащІа Іэмэпсымэм Іэмал къаритынущ иджырей Іэхэу бгъэдыхьэкІэхэр я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыну, лъагаІэхэм, лъакъуэрыгъажэхэм къехуэхыу е автомашинэ зэжьэхуэм хэхуэу фэбжь зыгъуэтауэ къыхуащІэ сабийхэр операцэ ящІын и пэ кьихуэу я узыншагъэр зыхуэдэр тэмэму къахутэну, абыхэм я нэІэ трагъэтыну, ягъэхъужыну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъуэ Владимир** «ВТБ» банкым илэжь псапэ Іуэхуэхэм, спонсор дзІэпыкъуныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр къыхигъэщащ икІи фІыщІэ ищІащ. Апхуэдэу сабий сымаджэщым и лэжьакІуэхэмрэ зи бынхэм я узыншагъэр ярагъэфІакІуэну адэ-анэхэмрэ гупльитэрэ тыгъэрэ къызэрыхуащІамкІэ екъуэхуэщ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Асанов Алим** «ВТБ» банкым сымаджэщым къыхуищэхуа УЗИ-аппаратыр республикэм и сабий мин бжыгъэхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ зэрыщхьэпэр, Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэр абы зэрыщыгуфыкІар жиІащ.

«ВТБ» банкым и вице-президент **Орлов Евгений** къызэрыхигъэщамкІэ, илъэсипщІым щІигъуэяз ягъэзащІэ «Нэпс здэщымыІэ дуней» программэм и псапащІэ Іуэхум хихьэу сабий сымаджэщхэр зыхуэныкъуэ медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ къащхуэ.

- «ВТБ» банкыр социальнэ проект куэдым хэтщ. Ауэ сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэным теухуа мы Іуэхуэр псом нэхъ я гуапэщ. Нэхъыщхьэр цІыкІуэхэм я нэгум гуфІэгъуэ кьирихыу пльагъунырц. Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэмрэ сымаджэхэмрэ Іэмэпсымэр сэбэп яхуэхъуну дыщогугъ, - жиІащ Орлов Евгений. - Программэр зэрылажьэ зэманым къуриубыдэу дзІэпыкъуэгъу дахуэхъуащ медицинэ Іуэхущ Іапіи 100-м щигъум. Нэгъаби хуэдэу, мы гъэми «Нэпс здэщымыІэ дуней» Іуэхур Урысейм и щІыналъэ 20-м цыдогъэзащІэ. Абы хэту дыдзІэпыкъуащ къэралым и щІыналъэ 50-м щылажьэ, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм. Псапащ Іуэхуэхэр щедгъэкІуэжащ Сочэ, Ульяновск, Кострома, Белгород, Дон Іус Ростов, Тулэ, Новокузнецк, Барнаул, Тюмень, Владивосток, Новосибирск, Чита, Сахалин, Хабаровск къалэхэм. Апхуэдэу Іэмэпсымэщ Іэхэр яхуэтшэну ди мурадщ Челябинск, Пермь, Тверь къалэ сымаджэщхэм. Псапэ Іуэхуэхэм щыпытщэнущ Москва къалэм и сабий сымаджэщхэмк.

«ВТБ» банкым Налшык къалэм щІэ и къудамэм и унафэщІ **Бещтокъуэ Жыраслъэн** къыхигъэщащ «Нэпс здэщымыІэ дуней» псапащІэ Іуэхум хихьэу нэхъапэкІи мы сабий сымаджэщым зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэ къызэрыІэрыхьар, иджыри я гуапэу УЗИ-аппаратыр клиникэм тыгъэ зэрыхуащІар.

Гущал Людмилэрэ сымаджэщым и лэжьакІуэхэмрэ «ВТБ» банкым и унафэщым фІыщІэ хуащІащ, иджырей медицинэ техникэр тыгъэ къызэрыхуащІам папщІэ. Апхуэдэу псапэ Іуэхум хэтхэм я гуапэу ехъуэхъуащ узыншагъэрэ ехъулІэныгъэрэ яІэну. Гущалым къыхигъэщащ нэхъапэкІэ къыхуащхъуа Іэмэпсымэри сабийхэм я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ къаэзрыхуэщхьэпэр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, банкым сабийхэм махуэшхуэ къахуэзэригъэпэщащ, «Нэпс здэщымыІэ дуней» программэм куэд щІауэ и нэхьжьэгухэр - «Спокойной ночи, малыши!» телензтыным и лІыхъужьхэр, композитор Щукин Владимир сымэ - хэту. Сабийхэм я пащхьэм зы къыщагъэлъэгъуащ Хрюшэрэ Степашкэрэ. Зэхыхьэ псапэр щичым цыкІуэхэм фІыуэ яльагъу лІыхъужьхэм саугъэтхэр кьратащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Университет хъыбархэр

Егъэджэныгъэмрэ экономикэмрэ

Мы махуэхэм КъБКъУ-м щокІуэкІ егъэджэныгъэм, экономикэм, хъыбарегъащІэ технологиещІэхэм я зэпыщІэныгъэхэм теухуа урысейпсо конференц. Зэхуэсым кьриубыдэу мэлажьэ «ФІагъыр. Іуэху елъыкІэщІэхэр. Егъэджэныгъэр» щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм, аспирантхэм, магистрантхэмрэ студентхэмрэ я школ.

КЪЭРАЛПСО зэхуэсым кьрихьэлІащ дунейпсо цІэрыІуагъ зиІэ щІэныгъэлІ куэд. Абыхэм ящыщщ Санкт-Петербург къэрал электротехникэ университетым и щІэныгъэлІхэу Шапошников Сергей, Азарьевэ Верэ, Семёнов Виктор, Электроникэмрэ математикэмкІэ институтым (Москва) и Іэщ Іагъэлі Іхэу Азаров Владимир, Кабанов Артём, ХъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ институтым (Москва) и щІэныгъэ лъжьакІуэхэу Ерохинэ Зинаидэ, Тагильцевэ Еленэ, нэгъуэщІхэри. Ди университетым кьыбгъэдэкІыу зэхуэсым хэтщ абы и ректор Альтуд Юрий, КъБКъУ-м щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ, информатизацэмрэ хамэ къэрал зэпыщІэныгъэхэмкІэ и проректор Савинцев Алексей, политехникэ институтым и унафэщІ Батыр Умар, университетым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ МуІэед. Абы фІэхъус псалъэхэмкІэ зэхуигъэзащ конференцым къекІуэлІахэм икІи къапэщылъ лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэну ехъуэхъуащ.

Хьэлэмэту икІи купщафІэу йокІуэкІ зэхуэсыр. Абы щащІ егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэным, электроникэм, техникэм, къэхутэныгъэ-лэжьыгъэм яІэ мыхьэнэм хуэгъэпса докладхэр. Батыр Умар хъэщІэхэр щыгъуэзэ хуищІащ КъБКъУ-м и инновацэ центрхэм я лэжьэкІэм. Куэдым яфІэхьэлэмэтащ профессор Дзэмыхь Къасболэт конференцым кьрихьэлІахэм я пащхьэм щищІа «Урысеймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ» докладыр. Апхуэдэу зэхуэсым къыщІэтынущ иджырей жылагъуэм и зыужьныгъэм, автоматизацэмрэ электрон егъэджэныгъэмрэ, конструктор-технологие информатикэмрэ промышленностымрэ, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэми ежьэпІа Іуэхугъуэхэр.

Лэжьыгъэм щыпащэнущ КъБКъУ-м и Іуэхущ Іапіэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэм.

ТАМБИЙ Линэ.

«Плъыр удзыфэ» гупыр

КъБКъУ-м иджыблагъэ щекІуэкІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и «Плъыр удзыфэ» экологие гупым и уставыр къыщащэ, ар зэлэжьыну унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр щаубзыху зэхуэс. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м щІыуэпсым и къудамэм и пашэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий, КъБКъУ-м социальнэ Іуэхуэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор Къумыкъу Іэуес, КъБКъУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтым (ИХиБ) и унафэщІ Квашин Вадим, университетым ЩІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и управленэм и пашэ Лу Азэмэт, КъБКъУ-м и студент зэгухьэныгъэхэм я советым и унафэщІ Іэулъэ Ахьмэд, ИХиБ-м и студентхэр.

ЗЭХУЭСЫМ къыщащтащ «Плъыр удзыфэ» экологие гупыр зэрылажьэну дэфтэрхэр. Гупым и пашэу хахащ ИХиБ-м и 2-нэ курсым щІэс Шыбэхьуэ Аскэр. Абы и къуэдзэ хъуахэщ студентхэу Отаровэ Алинэ, Зэгъэщтокъуэ Лилианэ, Алексеевэ Мстиславэ сымэ.

Лу Азэмэт къызэрилъытэмкІэ, университетым дяпэкІэ щылэжьэну а экологие гупыр сэбэпышхуэ хъунущ ди республикэм и щІыуэпсыр хъумэнымкІэ. Абы и псалъэ диныгъащ Шондыр Тимури. Абы студентхэм фІыщІэ яхуищІащ дыкъэзыухъурееихь дунейм и щытыкІэм гуузэ-лыуз зэрыхуаІэм папщІэ.

Апхуэдэу щІалэгъуалэм зыхуагъэзащ Къумыкъу Іэуеси Щхьэгъэпсо Сэфарбии. Ялэ лъэбакъуэкэр зыч экологие гупым хэтхэм я мурадхэр къайхъулІэну гуапэу екъуэхъуащ ахэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Шэджэм щІынатъэ

Къабзагъэр япэ ирагъэщ

Шэджэм щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ КІарэ Элинэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, районыр хэтащ «Урысейм и псыхэр», «Урысей щхъуантІэ-2016» урысейпсо щІыуэпс щэбэт щІыхьэхуэм.

ЖЫЛАГЪУЭХЭМ къегъэщІыІа Іэгъуэблагъэр зэлъыІуахащ щІыху минитІым щІигъум: къуажэхэм я щІыпІэ администрацэхэм, Іуэхущ Іапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэм, курыт щколхэм я еджакІуэхэм, нэгъуэщІхэми.

Лэжьыгъэм къыщагъэсэбащ мы Іуэхум хуэщІа техникэ зэмылІэужьыгъуэу 17. Шэджэм - Налшык - Майскэ къалэхэр зэпызыщІэмрэ «Кавказ» Р-217 федеральнэ автомобиль гъуэгумрэ ябгъуэхэм ягъэкъэбзащ, жылагъуэхэм я уэрам нэхъыщхьэхэр зэлъыІуахащ, екъужьхэр паупщІащ, ныджэкэмрэ псыхъуэхэмрэ зэлъыІухьным гупльитэ щхьэхуэ хуащІащ.

Шэджэм, Налшык, Щхьэлыкъуэ псыхэм я Іуфэхэм хабзэм къемызэгъыу къыщызэІуаха хуэныбжь идэныІэу 8 ягъэсеящ. Къуажэдэсхэм я щІапІэхэм къегъэщІылІа щІыпІэхэр ягъэкъэбзащ.

Зи гугъу тщІы щІыхьэхум къриубыдэу куэнщыбхэм хуэхаа щІыпІэхэм кІэрыхьэрыхуу тонн 65-рэ щыщІатІащ, щІыналъэм щыпсэуэхэм я куэнщыбир хуит щамыщІ щІыпІэхэм щрадзэрымыхъунур гурагъэІуащ.

Фокладэм и 24-м щыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 1 пщІондэ районым и курыт еджапІэ 18-м я лащІантІэхэр зэлъыІуахащ, щхъуантІагъэхэр щыхасащ. ЩІыуэпсым хуэсакъынымэ теухуа дерсхэр зи гугъу тщІы еджапІэхэм щрагъэжІауэкІащ, Іэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэІуахащ.

Шэджэм район муниципальнэ щІыналъэр зэІуэпэщ щІыным хуэгъэза лэжьыгъэр иджыри йокІуэкІ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Аруан щІыналъэм щыІэ шагъыр концерным и дамыгъэ зиІэ фадэ щапІэхэр Урысейм къыщызэІуихыну и мурадщ. 2017 гъэм и кІэ пщІондэ тыкуэнипщІ мынэхъ мащІэ Москва къыщызэІуихынущ.

Жызумей хадэхэр къэрал утыку йохьэ

КОНЦЕРНЫР зи жызумей хадэ зезыхьэж уней лъапэщ, республикэм и шагъыращІ хозяйствэ нэхъ ин дыдэщ. ФадэхкІ къыщІигъэкІыну, ищэну зэрыхуитымкІэ 1991 гъэм уней лицензэ РСФСР-м япэу зыщратар а Іуэхущ Іапіэм и къызэгъэпэщакІуэ хьэрычтыщІэ Ерчэн Темболэтщ. 2008 гъэ лъандэрэ предприятэм жызумейкэр егъэкІ. 2012 гъэм шагъыр щІэхупІэрэ лІыхъужьхэм ятеухуэу романым и напэкІуэцІым къитэджыкІа нэхъей, къатитхуу зэтету зэдекІуэкІ чэщанэрэ щІыпІэ дахащэм щиухущ. ПтулъкІэ мин тхущІым хуэщІа шагъыр хъумапІэ чэщанэм и щІыунэм хэтщ. Абы щІэх-щІэхыурэ зыпльхьакІуэхэр ирагъэблагъэ.

Жызумейкэр гектар миным нос. Шатом и хэщІапІэмрэ Италиемрэ Тосканэ областыр щІыналъэкІэ зыхуэзэ щІыпІэмрэ я щытыкІэкІэ зэхуэдэми, мыбы климатыр щынэхъ ткІийц. Іэщ Іагъэлі хэм зэрыжаІэмкІэ, температурэм хуабжьу зыщихъуэж щІыІэщ, псом зэмыдэу, кьурш жьы щІэм ауэыр щигъэнщІ гъатхэмрэ гъэмахуэкІэмрэ. ГуащІагъыщхуэ зыщІэлъ жызум хужь лъэпкъхэр тэмэму тІыгъуэн щхьэкІэ ар сэбэпышхуэ мэхъу.

Хозяйствэр зэлэжьыр Европэм къраша гъэІэпхъуэнхэмкІэ ягъэбэгъуа жызум лъэпкъ цІорыІуэхэрщ. Апхуэдэхщ «рислинг», «мерло», «каберне», «шардоне», «каберне совиньон» жыхуиІэхэр, нэгъуэщІхэри. Псори лІэужьыгъуэ тхущІым щІегъу. Абы и фІыгъэкІэ, игристэ шагъыр хэплъыхьакэр куэду къыщІегъэкІ. Уеблэмэ зы птулъкІэм жызуму киломграмм щэщІым щІигъу зыхуэзэ «шагъыр гъэщтам» хуэдэ егъэхьэзыр. Іэнатіэхэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ гъэпсащ.

Концерным и Іэщ Іагъэлі хэм къызэрыджаІамкІэ, шампанскэ птулъкІэ мелуаниблым нэблагъэ, шагъыр щабэу птулъкІэ мелуанрэ мин щитхурэ нэгъабэ ягъэхьэзыращ. Мы гъэм а бжьыгъэр мелуан 12 - 13-м нагъэсыну Іэмал яІэщ. Абы щыщу мелуани 10-м нэблагъэр шампанскэу. Предприятэм и зэфІэкІым тепщІыхьмэ, птулъкІэ мелуан 30 илъэсым къыхущІэгъэкІынущ. Я щхьэр зэрагъэбыдэ пхъэмыфхэм фІэкІа къэмынэу, ашыкъэри, этикеткээри, зраль-хьэну тхьпльымпІэ пхъуантхэри езыхэм ягъэхьэзырыж. ДяпэкІэ нэгъуэщІхэм къахэзыгъэщхьэхуэкІыну «Тэрч ауэ» щІыпІэцІэр я Іэдакъэщ Іэкі Іхэм ягъуэтынущ.

-Дисатущ Іапіэхэм зэрызедгъэужьыным жыджэру зыхудогъэхьэзыр. ИлъэситІым къриубыдэу «алкомаркет» пщалъэм тету тыкуэн 50 - 100 кьызэІутхыу Псыхуабэ, Ставрополь, Краснодар, Сочэ, Воронеж, Липецк, Калугэ къалэхэм я рынокхэм дыхьэхьну ди мурадщ, - къыхигъэщащ концерным и президент Ерчэн Темболэт.

Абы зэрыжиІамкІэ, цІыху мин 500, нэхъыбэ зыдэс къалэхэм Іуэхур тращІыхь. Я тыкуэнхэм метр зэбгъуэзнатІэ 50 мынэхъ мащІэ кьикІынущ, нэхъыбэу щащэнур сом 300-м щегъэжьауэ мин ныМ нэс и уасэ щагъыр зэкІэхэрщ. Пэублэ зэпсэлъэныгъэхэр щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІ. Зэкіэ псэуалъэхэр тыкуэн папщІэу концерным бджэнду кьищтэнущ, иужькІэ зэрызаужьым елъытауэ, ахэр кьищэжхьынущ е езым ейхэр иухуэнущ.

- Москва и сату комплексэм цІыху куэд щопэкІури, ахэр къэдгъэсэбэлмэ нэхъ ди фейдэщ, - къигъэлъэгъуащ Ерчэн Темболэт.

Тыкуэнхэр концерным и мылъкукІэ къызэІуахынущ, абыхэм хуэзэнур иджыпсту зэпалъэт. Мы Іуэхум тегушхуа шагъыращІ предприятэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэр Ерчэным и унаГуэ хозяйствэм и закъуэщ. Экспертхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм и адрей шагъыращІхэр абы пэлъэщынукъым.

Жызумейкэр зехьэныр, шагъыр щІэхунеи дзыхьщІыгъуэджэ бизнесщ. Дунейм и щытыкІэмрэ административнэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуэхь Іэджэ къашэ. Хущынэмыщ Іауэ, мылъкушхуэ токІуадэ, хэплъхьэр зэман кІыхькІэ - илъэсипІ-тхукІэ къуитыжыркъым. Уи дамыгъэ уиІэжу рынокым ухуахэн щхьэкІэ, фІагъыр къызэралъытэ щІыкІэри хэту, къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэрэ маркетинг къэхутэныгъэ куурэ ебгъэкІуэкІын хуейщ.

- Зи дамыгъэ зиІэж тыкуэнхэр къызэІутхыну икъукІэ гупгъуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, республикэм и предприятэхэм нобэ апхуэдэ Іэмал яІэкъым. ПэлъэщыфынкІэ хъунур Прохладнэ шагъыр совхозым и закъуэщи, ар зрагъэхъуІэн щхьэкІэ хозяйствэм и унаГуэщІэм къалэнышхуэ зэфІахын хуейщ, - жеІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖызумгъэкІхэмрэ шагъырыщІхэмрэ я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шамсиев Нариман.

Абы къызэригъэлъагъуамкІэ, жызумейм елэжь я хозяйствэ нэхъ инипІым ящыщу шагъыр зыщІыр тІуц. Бизнес цІыкІумрэ курытымрэ хэтхэр иджы я Іуэхум нэхъ тогушхуэ. Сыту жыпІэмэ, фадэ зыщІ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр къэралым зэкІэлъитгъэкІуэным теухуауэ 2014 гъэм къащта федеральнэ законым щагъыр щІэхупІэ мыинхэр къызэІуахыну икІи лицензэ къыІахыну хуит щІ. ИтІани, ар бизнес къызэрыгъэкІкъым - щІыр бэджэнду къащтэным, жызумейкэр хэсэным ахъшэшхуэ хуэзэнущ, къищынэмыщІауэ, зэрызэрахьэну, зэрызрагъэужьыну мылъку ябгъэдэлъкъым. Абы щыгъуэми коопераТиву е зи лэжьэкІэр зыубзыхуж Іуэхущ Іапіэу (СРО) зэгухьэу, зэуІуу рынокым зэрыхьхьэным хозяйствэ щыкІуэкІэр хуэпІащІэркъым.

Экспертхэм къызэралъытэмкІэ, КъБР-м и хьэрычтыщІэ Іэнатіэ щыкІуэкэмрэ курытхэмрэ кооперацэм гупльитэ щІагъуэ хуащыркъым. Республикэм и властхэм сыт и лъэныкъуэкІи даІыгъми, а Іуэхур зэрыкІуатэ щыІэкъым.

- НэгъуэщІ щІыпІэхэм, кьапщтэмэ, Краснодар крайм щагъыр завод пщы бжыгъэкэр зи щхьэ хущытыж Іуэхущ Іапіэу щызэгуХьащ. Ди деж абы гъэнэ щитпльэу аращ, - къигъэлъэгъуащ Шамсиев Нариман.

Жызумейкэр зехьэным, шагъыр щІыным пыщІа Іуэхуэм зегъэужьыным теухуауэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм мы зэманым щагъэхьэзыр концепцэм республикэм и хьэрычтыщІэхэм гугъэфІэкэр хуэзпащэ. Жызумей хадэхэр гъэтІысыным субсидиеу сом мелуан 76 - 80 хухахыну мэгугъэ. Шамсиев Нариман зэрыжиІамкІэ, абы Іэнатіэм нэхъ жыджэру зригъэужьыныр, щагъыращІхэм кьахигъэхъуэнущ, рынокым хьихьэну зи мурадхэр зэришэІэнущ. Ауэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэр къэралпсо утыкум хэІущІыІу щищІыну мызэкІэ тегушхуар Ерчэнхэ я хозяйствэм и закъуэщ.

БРЕЖИЦКАЯ Еленэ.
2016 гъэм фокладэм и 13-м къыдэкІа «Российская газета»-м къитхьжащ.

● ДифI догъэлъапIэ

КЪРЫМ Иринэ:

СынасыпыфIэу зыкъызолъытэж

***Умыгъэщ!эгъуэн плъэкIыркъым щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм, артистхэм, уэрэджыIакIуэхэм нурыр къаззрыщхьэщихыр, я нэгум гуапагъэ къызэрырихыр, «мэгъу» къару яхэлъым хуэдэу уэзрызыщIашэр. Апхуэдэщ нобэ илъэс бжыгъэ дахя ирикъу, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм я цIыхубэ артисткэ, Творчествэхэмкlэ Дунейпсо Академием и академик, ялэ адыгэ эстрадэ уэрэджыIакIуэ Кърым Иринэ.**

Лукьяновэ Людмилэрэ. Хуабжьу сыхуэарэзыщ Музыкэ училищэм и унафэщI Хьэсанэ Мусэ. ТкIийми, ар фIыуэ тлъагъурт. Ди зэманым ар еджапIэфI дыдэу щытащ. ЕгъэджакIуэхэми щIэныгъэ лъагэ яIэт. Ар къэзыух дэтхэнэри консерваторэм щIэтIысхьэфырт, апхуэдэу фIыуэ ирагъаджэрти.

- ЕджапIэ нэужьым лэжьыгъэм дауэ ухыхьа хъуа?

- Музыкэ училищэр къэзуха нэужь, радиом и хорым сыщылажьащ. Абы щыдгъэзащIэрт ди республикэмрэ гъунэгъу щылнатIэхэмрэ я лъэпкъ макъамэхэр. А хорыр зэрызэбграгъэкIыжар куэдым ди жагъуэ мэхъу икIи щыгъуэгъэшхуэу кьыдолъытэ. Аращ къызыхэкIар республикэм и хор гуъэзджэр кIуэдыжыныр.

ИужькIэ Музыкэ школым щезгъэджащ, Музыкэ театрым лэжьэн щыщIэзэдзащ. УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Музыкэ театрым и хормейстер нэхъыщхьэу щыта Бицу Юрий иджыпсту пенсэм кIуами, куэдым дыхуигъэсащ. Хорым ехьэлIауэ абы къигъэщIэрэщIэжа макъамэхэр уасэншэщ. Апхуэдэщ «Истамбылакlуэ», «Кавказ къуршхэр» щыхубэ уэрэджьжьэр. Абы и пIэм иуда Бекъул Заур зыхэлэжьыхьыжа «Мэлыхьуэм и гъыбзэ» уэрэдыр иджыпсту жыдоIэ.

- Иринэ, уигу дыхьэу Музыкэ театрым щыбгъэзащIэ оперэхэм, опереттэхэм, уэзыщIэхъуэпсролхэм я гугъу уэзгъэщIынут.

- Иджыпсту зиужь дит «Севастопольский вальс» оперэр куэд мыщIэу утыку кьитхьнэщ. «Травиата» оперэми «Шамхьун и фызышэ» комедиеми сыхэтщ. КIэщIу жыпIэмэ, Музыкэ театрым утыку къыщрахьэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми си зэфIэкI хьэзолтхьэ.

Ялэу утыку сыкъыэзирхьар эстрадэ уэрэдхэр жысIэущ. ЦIыхубэ уэрэдхэр тIэкIу къызэгугъэкIырт. Си ныбжьым хэхъуэху, ахэр нэхъ къызэхъулIэ хъуащ. Иджыпсту ахэр зыхэслъхьэрэ зыпэсщIрэ щымыIэу фIыуэ солъагъу. Классикэ уэрэдхэр сфIэфIу жызоIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэпымыууэ си зэфIэкIым зэрыхэзгъэхуэным иужь ситщ. Уи макъым сыт щыгъуи уелэжьын хуей мэхъу цIыхубэм ягу дыхьэу уэрэдхэр бгъэззэщIэн папщIэ. Си щIалэгъуэм «Евгений Онегин» оперэм Татьянэ и ролыр щызэгъэзэщIэну сыщIэхъуэпсырт. Ауэ, ар щагъэзуным Музыкэ театрым сызэрыщымылъэкIыжам къызэкIыу, къызэхъулIакъым. Си хъуэпсапIэр сипхъу Ланэ къехъулIащ - уэрэджьIакIуэхэм я урысейпсо зэпеуэм я ролыр щигъэзащIэри, лауреат щыхъуащ.

- Дэтхэнэ зы артистми уэрэджьIакIуэми щIипIэ куэдым кIуэну, концертхэр щитыну къыхуохуэ. Уэдэщыта щIыналъэхэм ящыщу нэхъ уигу кьинэжахэр сыт хуэдэхэра?

- Хамэ къэрал зэи сыщIакъым. Си лэжьэгъуэхэр нэгъуэщI щIипIэхэм кIуэуэ щрагъэжьащ си сабийр цIыкIуу срихьэIэри, сыкъэна хъуащ. Пэжыр жысIэнщи, сыкIуэнуи апхуэдэу си нэ къэкIыртэ къым. Республикэм и щIыналъэхэм, Москва, Украинэм и Винницэ къалэм, нэгъуэщI куэдым дыщыIащ. Совет зэманым ди республикэм и зы щIыналъи къэмынэу концертхэр щIыттащ, хъупIэ нэгъунэ зыщIэдгъэхьащ. Кьуажэ клубхэм тIысыпIи увыпIи имыIэжу цIыхухэр куэду къыщIэзхуэсырт. Нэхъыщхьэращи, зыкъыщыдгъэлъэгъуэну къытхуихуа щIыпIэхэм цIыхухэр гуапэу къыщыгтIущIэрт. Дэнэ дымыкIуами, гукъинэжу дыщыIащ, дагъэлъэпIащ, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр къыдатащ. Къыхэгъэщыпхьэщ ди уэрэдхэри макъамэхэри профессионалынэу зэрыщытар. А зэманым художественнэ совет лажьэрт. Абы хэтхэм уэрэдым щыщ псалъэм е щIэпЪ макъамэм дагъуэ иIэу кьалъытэмэ е зыгуэркIэ ягу иримыхьмэ, пхагъэкIыртэкъым. ЦIыхухэм яфIэфIу а уэрэдхэм щIедаIуэр, щIыдежьур, дзапэ уэрэду щIаIурылъыр арагъэнт. Абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту зэманым куэдкIэ зихъуэжащ.

- Уи лэжьэгъуэм ящыщу нэхъ бгъэныбжьэгъуэхэр хэт сымэ?

- Къэбгъэлъагъуэмэ, бий сиIэжьыр. Си лэжьэгъуэм пщIэшхуэ яхуэзощI. Утыку ущытым деж гурыIуэгъуэщ дэтхэнэ зы цIыхум и ехьэлIэныгъэми и щIыбагъ гугъуехьэр лэжьыгъэшхуэрэ зэрыдэлъыр. ЗэфIэкI зиIэ щIыхь цIэрыIуэ куэд къызэрыздэлажьэм грогуфIэ. СфIэфI дыдэу лэжьапIэм сыкъэкIуэ.

- Уи унагъуэм и гугъу къытхуэпщIамэ ди гуапэт.

- Бынищ сиIэщ. Нэхъыжь Ланэ Къул Амир и щхьэгъусэщ. Унагъуэ дахэщ. ПхъуитI яIэщи, нэхъыжьыр ЩхукиныМ и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр институтым ехъулIэныгъэхэр иIэу щоджэ. НэхъыщIэр КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжым щIэсщ. Си къуэ Илья тхакIуэщ, фантастикэм дехьэх. И IэщIагъэкIэ филологщ, инджылызбзэм хуеджащ. И тхылъ зыбжанэ Москва къыщыдэкIащ. Си къуэ нэхъыщIэ Анзор си лъагъуэм ирикIуащ. Ари уэрэджьIакIуэщ икIи продюсерщ. Унагъуэ иIэщ. Зы бын къыщIохъуэ.

- Макъамэр зи Iэпэгъу Кърым Иринэ сыт дэрэжэгъуэ къезытыр?

- Дэрэжэгъуэ къызитыфынущ дахэу, сигу дыхьэу уэрэд жызыIэ срихьэлIэмэ. Абы хуабжьу сыщогугфIыкI.

- УэрэджьIакIуэхэм ящыщу хэт нэхъ ппэгъунэгъур?

- Ди гупыр хъапщтэмэ, Ташло Алий зыхуэбгъадэ хъунщымыIэ, зи зэфIэкIыр Италием «къыщызыпщытэжа» тенорщ. Апхуэдэу Хъупсырджэн Албэчрэ Батыр Мухьэдинрэ баритон лъэщхэщ. Шэрджэс Iэсият, Мамбэт Мадинэ, Абэнокъуэ Рустам, Мэкъуауэ Альмирэ сымэ уэрэджьIакIуэ Iэзэхэщ. Абыхэм я утыку итыкIэр хуабжьу сигу ирохь.

- Иринэ, уэ уащыщщ зэфIэкI зиIэ, унагъуэри лэжьыгъэри Iэпэдэгъэнат зымыщIу тIури здэзыхьыф бзылъхугъэхэм. А тIум дэтхэнэра ялэ ибгъэщыр?

- А тIур си щхьэкIэ зэзгъэпщэфынукъым. Си дежкIэ нэхъыщхьэр, сыт щыгъуи ялэ изгъэщыр, дауи, унагъуэращ. Аращ си быдапIэ нэхъыщхьэр. Сыт хуэдэ гукъеуэ сиIэми сщхьэщызыхыр ахэращ. Сыт къэхъуми, си щхьэгъусэ Томаев Аслъэн, си бынхэм сакъызэрыгурыIуэнур, къызэрыздэIэпыкъунур си фIэщ мэхъу.

- УэзплъэкIыжрэ уи гъащIэ гъуэгум уриплъэжмэ, кхъухьлIакэм, зэфIэбгъэкIахэм уринасыпыфIэ?

- Си гъащIэ гъуэгум сиплъэжмэ, гуфIэгъуэ гуэзвэгъуэ хэтащ. Си ныбжьыр зыхуэдизыр зэи сыбзыщIыркъым. Лэжьыгъэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ сыпэрытщ. КъызэхъулIакэмкIэ, зэфIэзгъэкIакэмкIэ сыарэзыщ. Зы Iэзху гуэр иужь сихьамэ, Iэмал имыIэу ар и кIэм зэрынэзгъэсыным сыхущIокъу. Сынасыпыфlэу зызолъытэж. Си гуфIэгъуэр си бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэщ. Си щIэблэм я зэфIэкIым сроГушхуэ.

- Упсэу, Иринэ! ЕкъулIэныгъэ, узыншагъэ уиIэну, уи щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд плъагъуну ди гуапэщ.

Епсэлъар
БжьыхьэлI Розэщ.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Гупсысэ куукIэ гъэнщIа сурэтхэр

Сурэтыщ!ГъуазджэхэмкIэ музейм Ерчэн Исуф и Iэдакъэщ!экIхэм я щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэ иджыблагъэ къыщызэIуахащ.

ЗЭ IУПЛЪЭГЪУЭКIЭ гъуабжэу, пшагъуэу къыпщыхьу сурэтхэм я купщIэр къыщыбгурыIуэр набдзэгубдзаплъэу зыпэпплъыхьа иужьщ. «Адыгэ пщащэ», «Бэухэр», «ШколакIуэ», «Адэмрэ къуэмрэ», «Зэманым и кIуэкIэр», «Щихухэр», «Мэжджьт», «Адэ-анэ», «Бгым пкыкI гъуэгуэр», лъэпкъым и Iэужь зытелъ нэгъуэщI лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIи гъэнщIат выставкэр.

Ерчэныр 1954 гъэм Нарткъалэ къыщалъхуащ, 1984 гъэм Пензэ дэт художественнэ училищэм щIэныгъэ щызэригъэгъуэгащ. 1991 гъэм щеГъэжьауэ Урысейм и Сурэтыщ!хэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, республикэм, Урысей Федерацэм, хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм и Iэдакъэщ!экIэр утыку къыщрихьащ. Абы и сурэтхэр коллекционер щхьэхуэхэм яхъумэ. «Сурэт къэс «къыбжаIэ» ар зыщIар зэрыгупщIанэр, зэрыфэрыщIагъэныншэр, Ерчэным и дуней гъэщIэгъуэным ухашэ. Абы жеIэ бжьыхьэр плъыфэ зэмыфэгъуэхэмкIэ, макъ телъыджжэмкIэ къызэрыхуэупсэр, ауэ щIыуэпсым и макъым и мызакъуэу, цIыхум и псэм жиIэми едэIуэн зэрыхуейр», - етхьж искусствовед Мэремкъул Ларисэ.

Ерчэным и япэ щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэмкIэ екъуэхъуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин,** зэгуэдж къыщыдзыхьам.

- Быставкэр сигу ирихьащ. КIыфIкIыфIу щIа сурэтхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, уеблэмэ езы сурэтыщIым щIимылъхьа гупсысэ куэд къыпхуихьнущ абы. Ар сурэтыщIым и Iэзагъым и щIыхьэщ. Ерчэным и дуней лъагъукIэ гъэщIэгъуэныр дегъэщIыху, дэтхэнэми тпэгъунэгъу гуэр къыщыдогъуэт абы и лэжьыгъэхэм. Иджыри куэдрэ и Iэдакъэщ!экIхэмкIэ диГэгуфIэну си гуапэщ, - жиIащ Къумахуэм.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ КъБР-м и Сурэтыщ!хэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**.

- ПлъыфэхэмкIэ нэр къэзыгъапIэ сурэтыщ!хэм ящыщкъым Ерчэныр, абы и лэжьыгъэхэр купщIэкIэ гъэнщIащ. Ахэр и щыхьэту жыпIэ хъунущ КъБР-м и Сурэтыщ!хэм я зэгухьэныгъэм и зэриIэм. Абы и Iэдакъэщ!кIэр куэдрэ ди гъэлъэгъуэныгъэхэм хыдогъэхьэ. Исуф и дунейр къуэпсыбэу зэрыщытыр выставкэм щынэрылъагъуэ. Сурэт къэс утепсэлъыхьныр лейуэ къысщохъу, щхьэж абы жильагъуэнур зэщхьэкъыми. Выставкэр екъулIэныгъэ иIэу къызэрызэригъэпэщам папщIэ сохъуэхъу Исуф, нэхъыбэжкIи дыщогугъ.

Искусствовед **Сындыку Нелли** жиIащ утыку кьрахьа лэжьыгъэхэм цIыхум и щытыкIэ, гурыгъу-гурыщIэ къагъэлъагъуэу къызэрилытэр, Ерчэным гъащIэм, гъэзджэм хуиIэ лъагъуныгъэ иным сурэт щIыным къыщIигъуэт хэкIыпIэ гъэщIэгъуэнхэр выставкэр щыхьэт техъуэу къызэрилытэр. Апхуэдэ гупсысэ куэдкIэ иджыри цIыхухэм ядагъэшэну ар екъуэхъуащ сурэтыщ!ым.

- Пэшым щыфIлагъу сурэтхэм зэман кIыхькIэ селэжьащ. Языныкъуэхэм деж си сурэтхэр фIыуэ слъагъу сурэтыщ!хэм я лэжьыгъэхэм ещхь щысфIэхъуащ!эщ, ауэ Iэмал зэриIэкIэ си хъэтI зэрызиIэжьым, си гупсысэ зэрыщIэслъхьэным сыхущIокъу. Ар къызэрызэхъулIар зыщIар абы еплъхэращ. ЦIыбагъ быдэу сиIэ си унагъуэм сыт хуэдэ Iэухэри къызэрызэдаIыгъым папщIэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт, - захуигъэзащ Ерчэн Исуф къызэхуэсахэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Дуней псом и чемпион адыгэ щIалэхэр

Мы махуэхэм Белоруссием щекIуэкIащ грэпплингымкIэ дунейпсо чемпионат. Я хьэлъагъ елъытауэ абы дыщэ медалхэр къыщахьащ Пщыхьэщ!э Альбертрэ Гугу Муратрэ.

КЪЭРАЛ 32-м къикIа спортсмен 600-м нэблагъэ кърихьэлIат Минск щыщыхэта грэпплингымкIэ (дэнэжкIэ зыбжанэ къызащ!эзыубыдэ спорт лIэужьыгъуэщ) зи чэзу дунейпсо чемпионатым. Урысейм и командэ къыхэхам абы бжьыпэр щиубыдащ. Ди щIалэхэм къаклэлъокIуэ Италиемрэ Украинэмрэ икIахэр.

Ди къэралым и командэ къыхэхам и ехьэлIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэм. Щауэм и цIэр зэрихьэу Бахьсэн къалэм дэт спорт школым и гъэсэнхэм Белоруссием фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу Пщыхьэщ!э Альберт килограмм 71-м нэс си хьэлъагъэхэм я зэпеуэм етIуанэу дунейпсо чемпион щыхъуащ. 17:0-у ар финалым щефIэкIащ Франджым щыщ Бухеже Софиан. Пщыхьэщ!эм зыкъыкIэригъэхуакъым дыщэ медалыр зыIэрызыгъэхьа Гугу Мурати. Килограмми 100-м щIигуэхэм я зэпеуэм абы щыри къыщыпэлъэщакъым.

Яхуэфэщэн пщIэ ягъэтащ къэрал псом и щIыхьыр лъагэу зыIэта ди щIалитIым. Абыхэм къыфIащащ «Урысей Федерацэм спортымкIэ щыхь зиIэ и мастер» цIэ лъапIэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Дуней псом тIэунэйрэ и чемпион Пщыхьэщ!э Альберт.

● Электросетхэр

ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

Налшык электросетым и Iуэхущ!апIэхэр бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырар «Къэбалъкъкоммунэнерго» МУП-м пэублэу къипщытэжащ.

АБЫ и лъэныкъуэкIэ къапэщытар Iэнатlэ щхьэхуэхэм хуэдитIым щIигуэкIэ щызэфIагъэкIащ. Трансформаторрэ ток гуэшыпIэ подстанцу 46-м я хэщIапIэхэр зэIуэпэщ ящIащ. Ар зыграуэуауэ щытам 23-кIэ щIегъу. Токышхуэ зэкIуалIэ трансформатору 18 зэрагъэпэщщыжащ, планым хагъэхьар 5-т.

КIапсэхэр зэрышэщIа пкъоуэ 44-рэ яхъуэжащ, траверсхэр, изолятор зэхуэухуэнахэр ремонт ящIащ. Къапщытэта километри 3,13-м и пIэкIэ километр 1,93-м а лэжьыгъэр щызэфIагъэкIащ. И сэкъатыр кьагъуэтри, кабелыр зыщIэлъ щIыпIэу километрым щIигу зэрагъэзэхуэжащ, зэпыпIэхэр, зэрагъэбыдэ муфтхэр ягъэтэмэмащ. Киловольт 0,4-рэ зрикIуэ кIапсэжьу километри 9-м нэблагъэ, киловольти 6 - 10 щызэблэкIыу километри 6 фэ зыпелькIэ яхъуэжащ.

Ток кIуапIэхэм ядекIуэкI жыгхэр километр 15-м щауэхьэнщIащ. Абы и фIыгъэкIэ, щIымахуэ лъэхъэнэм кIапсэхэм Iумыл кIэрищIэнукъым, жьапщэмрэ уэлбанэшхуэмрэ зэран хуэхъунукъым.

АНЗОР Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьакIэмыхъу Мариэн (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-22-89; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ!апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныигъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Элэ,** *редактору* **НэщIэпыджэ Замирэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Малбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1579